# XORMEYSTER SOFIYA TAJETDINOVA MNAJATDINOVANÍŃ QARAQALPAQ MUZIKA MÁDENIYATINA QOSQAN ÚLESI.

**Kamalova Gúlmaryam Maksetdullaevna**
Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis Filialı
"Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánler" kafedrası oqıtıwshısı
**Abdikarimova Indira Toxtarbay qızı**
Muzıkatanıw qánigeligi bakalavr baǵdarınıń 3-kurs studenti.

**Annotaciya:** Bul maqalada xor tarawında kóp jıldan berli, miynet islep balalarǵa bilim berip kiyatırǵan Sofiya Tájetdinovanıń jaqınları hám ómiri,miynet keshirmeleri hám ilimiy jumısları haqqında aytıp ótilgen.

**Gilt sózler**: Muzıka mádeniyatı, qaraqalpaq, xor, kórkem óner, ádebiyat,.

**Аннотация**: В статье рассказывается о жизни, увлечениях и научных достижениях близких Софии Тажетдиновой, много лет занимавшейся воспитанием детей в хоре.

**Ключевые слова**: Музыка , каракалпак, хор, художественное искусство, литература.

**Annotation**: In this article, we talk about the lives, entertainments and scientific achievements of the relatives of Sofia Tajetdinova, who has been teaching children for many years in the choral department.

**Key words:** music medium, karakalpak, choir, art, and literature.



Ustaz atańday ullı degenindey, biz búgingi maqalamızda Ájiniyaz atındaǵı Nókis Mámleketlik Pedagogikalıq institutında "Muzıkalıq tálim kafedrasında kóp jıllıq tárjiriybege iye ustaz Tájetdinova Sofiya haqqında sóz júritpekshimiz.

Tájetdinova Sofia Mnajatdinovna 1964 - jılı 1-noyabrde Kegeyli rayonında Tajetdinov Minajatdin hám Jálimbetova Ulbikelerdiń ziyalılar shańaraǵında tuwılǵan. S.Tájetdinova

menen pikirlesken waqtımızda ol óziniń ata-anası haqqında, adamnıń júregin terbetetindey sózler menen ata-anasın esleydi. Ákesi Tajetdinov Mnajatdin qánigeligi “Tariyx” páni oqıtıwshısı. 1929-jılı Kegeyli rayonında tuwılǵan. 27-sanlı orta mektepte oqıw isleri boyınsh direktor orınbasarı bolıp islegen. Ol jumıs islegen dáwirinde “SSSR xalıq bilimlendiriw aǵlası”, “Leninniń 100 jıllıǵı medalı” hám “Miynet veteranı” kókirek nıshanı menen sıylıqlandı. 1997-jılı qaytıs boladı. Anası Jálimbetova Ulbike 1934-jılı 15-iyunda Nókis rayonına qaraslı Órnekte tuwılǵan. Kegeyli rayonı 27-sanlı orta mektepte “Biologiya” páni oqıtıwshısı bolıp islegen. 10 perzenttiń anası bolǵanı ushın “Qaharman ana” altın juldız medalı, “Miynet veteranı” kókirek nıshanı menen sıylıqlanǵanlıǵın S.Tájetinova jıllı sózler menen eske túsirdi.

Perzentleri:Tajetdinova Gulxatıysha Mnajatdinovna 1955-jılı 3-martta tuwılǵan. Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń fizika- matematika fakultetiniń Matematika qánigeligin pitkergen. Nókis qalası 31-sanlı ulıwma bilim beriw mektebinde matematika páni oqıtıwshısı bolıp isledi. Házirgi kúnde napaqada. Isegen dáwirinde “Qaraqalpaqstan xalıq bilimlendiriw aǵlası” kókirek nıshanı menen sıylıqlanǵan. Tajetdinova Zuxra Mnajatdinovna 1956-jılı 29-avgustta Kegeyli rayonında tuwıladı. Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń ximiya-biologiya qánigeligin pitkergen. Taxtakópir rayonınıń 12-sanlı ulıwma bilim beriw mektebinde “Ximiya” páni oqıtıwshısı bolıp isledi. 1990-jılı qaytıs boldı. Mnajatdinova Totiya 1958-jılı 20-aprelde Kegeyli rayonında tuwılǵan. Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń “Filologiya” fakultetiniń “Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı” bólimin pitkergen. Qaraqalpaq mámleketlik universiteti janındaǵı 1-sanlı akademiyalıq liceyde “Qaraqalpaq tili hám ádebiyat” páni oqıtıwshısı bolıp isledi. Házirgi kúnde napaqada. 2010-jılı “Ózbekstan Respublikası orta maǵluwmat hám kásiplik bilimlendiriwdiń aǵlası” kókirek nıshanı sonday aq “Qaraqalpaqstan Respublikasına Miyneti sińgen “Jaslar u stazı” Mámleketlik sıylıq iyesi bolǵan. Tajetdinov Miyratdin Mnajatdinovich 1960-jılı 26-fevralda tuwılǵan. Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik universitetiniń fizika-matematika fakultetiniń matematika qánigeligin pitkerdi. 27-sanlı ulıwma bilim beriw mektebinde “Matematika” páninen oqıtıwshı bolıp isledi. 2013 – jılı qaytıs boldı. Tajetdinova Zulfiya Mnajatdinovna

1961-jılı 28-dekabrde Kegeyli rayonında tuwılǵan. Medicinalıq uchilisheni pitkerdi. Házirgi kúnde Nókis qalalıq Tez járdem statistikalıq bólimi xızmetkeri bolıp islep atır. Tajetdinov Aynatdin 1966-jılı 20- oktyabrde Kegeyli rayonında tuwılǵan. Nókis industrial pedagogikalıq texnikumında oqıw óndirislik masteri texnik mexanik qánigeligin pitkerdi. 27- sanlı mektepte awıl xojalıq mashinası boyınsha oqıtıwshı bolıp isledi. Házirgi kúnde napaqada. Tajetdinov Rafatdin Mnajatdinovich 1968-jılı 29-avgustta tuwılǵan. Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik universitetiniń fizika-matematika fakultetiniń matematika qánigeligin pitkerdi. Nókis qalası 27-sanlı ulıwma bilim beriw mektebinde matematika páni oqıtıwshısı bolıp isleydi. Tajetdinov Salawatdin Mnajatdinovich 1970-jılı 3-avgustta tuwılǵan. Nókis texnologiya texnikumınıń texnikalıq xızmet kórsetiw bólimin tamamladı. Ózbekstan Respublikası Qorǵanıw ministrliginiń 71181-sanlı arqa batıs áskeriy okruginde áskeriy bólim mashinisti bolıp isleydi. Tajetdinova Dilarom Mnajatdinovna 1975- jılı 25-fevralda tuwıldı. Ájiniyaz atındaǵı Nókis Mámleketlik pedagogikalıq institutınıń "Tábiyattanıw" fakultetiniń biologiya qánigeligin pitkerdi. Biologiya ilimleriniń kandidatı, docent. Házirgi waqıtta Tashkent qalasında Ózbekstan ilimler akademiyası Botanika institutı Ózbekstan florası laboratoriyası úlken ilimiy xızmetkeri bolıp isleydi.

Tajedinova Sofya 1964-jılı 1-noyabrde Kegeyli rayonında sol dáwirde Qızıl ásker sovxozında (házirde Qumshungul APJ) dúnyaǵa kelgen. 1972-jılı 27-sanlı (sol waqıtları Oktyabr atındaǵı) ulıwma bilim beriw orta mektebin ayrıqsha bahalarǵa tamamlaǵan. Balalıq dáwirinen baslap-aq muzıkaǵa qızıqqan. Kegeyli dalalarında ózi qosıq aytıp, berilgen namalardı tıńlap kámálǵa keledi. Muzıkaǵa degen qızıǵıwshılıǵı S.Tájetdinovanı 1982-1987-jılları J.Shamuratov atındaǵı Nókis xoreografiyalıq uchilishesiniń "Xor dirijyorlıǵı" bólimine baslap baradı. Bul jerde "Xor dirijyorlıǵı" páninen dirijyor, kompozitor Saparbay Palwanovtan, "Xor" páninen xor dirijyorı Abdijabbar Mámbetovtan tálim alǵan. Oqıwın ayrıqsha bahalarǵa pitkeredi hám Tashkent qalasında oqıwǵa jollama aladı.

1987-jılı aralığında A.Qodiriy atındağı Tashkent Mámleketlik Mádeniyat institutınıń "Xor dirijyorlığı" bólimine oqıwǵa kiredi. Bul oqıw dárgayında "Xor dirijyorlığı" páninen Tatyana Kurbanovna Sarımsakovada, "Xor" páninen Svetlana Mixaylovna Potapovada, «Xor ansambli» klassında Ol'ga Nikolayevna Krivosheynada, «Dirijyorlıq metodikası» páninen bolsa docent K.Mirzaevta, «Xorshunoslik» páninen docent Sh.Ruzievta, «Xor aranjirovkası» páninen Oltin Tolipovtan hám sonday-aq «Xor praktikasınan» Shermat Yormatovlardan úyrenedi. 1991-jılı oqıwın tamamlaǵannan soń anasınıń biytaplıǵı sebep úyine qaytıp keledi.

1991-1992-jıllar aralığında Qaraqalpaqstan Respublikası xalıq bilimlendiriw ministrliginde Oqıw metodikalıq orayı metodisti bolıp jumıs isleydi. 1992-jıldan baslap, konkurs tiykarında Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq intitutına jumısqa qabıl etildi. Házirgi waqıtta sol institutta "Muzıkalıq tálim" kafedrasında docent lawazımında isleydi.

2012-jıl' "Qaraqalpaqstan xalıq bilimlendiriw aǵlası" 2014–jılı Ózbekstan xalıq bilimlendiriw aǵlası" kókirek nıshanı menen sıylıqlanadı.

Ómirlik joldası Azimov Alisher 1964-jılı 23-aprelde Andijan oblastınıń Kurgantepa rayonında tuwılǵan. Rossiya federaciyası Tatarstannıń Kazan qalasındağı Joqarı áskeriy komandan injenerlik oqıw ornın pitkergen. Qánigeligi Ózbekstan Respublikası Qorǵanıw ministrliginiń áskeriy xızmetkeri (oficer) bolıp islegen. Dem alıstaǵı (pencioner) mayor. Azimovlar shańaraǵınıń 2 perzenti bar. Olar: Azimova Nilufar 1998 – jılı Nókis qalasında tuwılǵan. Tashkent Mámleketlik Nizomiy atındağı Pedagogika Universitetin "Shet tilleri hám ádebiyatı" fakultetinde bakalavrdı oqıydı. Sońınan Tashkent Xalıq aralıq Finans Basqarıw hám Texnologiyalar Universitetinde "Shet tili hám ádebiyatı" qánigeligi boyınsha magistraturada oqıdı hám onı ayrıqsha diplom menen tamamladı. Házirgi waqıtta sol jerde "Shet tili hám ádebiyatı" kafedrasında oqıtıwshı bolıp isleydi.

Azimova Banubegim 2000-jılı Nókis qalasında tuwılǵan. Mırza Ulıǵbek atındağı Ózbekstan Milliy Universitetiniń Shet tilleri fakultetinde shet tili filologiyası baǵdarın oqıp pitkerdi. Házirgi waqıtta úy biykesi bir perzenttiń anası bala tárbiyası menen shuǵıllanbaqta. S.Tájetdinova jıllar dawamında óz maqsetine jetisiw ushın basqıshpa-

basqısh oqıw orınlarında bilim aladı hám hár dayım óziniń tırısqaqlıǵı, juwapkershiligi jáne de oqıwlarda úlgili bolıwı menen ajıralıp turadı.

Jıllar dawamında tınımsız miynetleri arqasında 100 den aslam ilimiy jumısların baspadan shıǵaradı.Olardan atap ótetuǵın bolsaq «Ádepnama» sabaqlarınıń jobası hám kórsetpesi 10–klasslar ushın, 1992-jıl G.Mámbetnazarova menen «Bilim» baspasınan, “Qosıq nama sabaqları” 7-klass ushın sabaqlıq, 1995-jıl S.Palwanov penen «Bilim» baspasınan Qosıq-muzıka sabaqlıǵı, 2000-jıl «Bilim» baspasınan, «Muzıka mádeniyatı» sabaqlıq, 2005-jıl kafedramız oqıtıwshısı G.Ulfetova menen «Bilim» baspasınan Muzıka joqarı oqıw orınlarınıń muzıka tálimi qánigeligi tálimi studentleri ushın «Xor» hám «Xor tanıw», «Dirijyorlıq», «Xor aranjirovkası» pánlerinen oqıw qollanba, ulıwma bilim beriw mektepleri ushın «Muzıka» 7-klass ushın sabaqlıǵın, Ǵ.Ǵulom atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi baspasınan Tashkent 2008-jıl O.Ibrohimov, G.Ulfetova, «Muzıka» 2-klass ushın metodikalıq qollanba Nókis «Bilim» baspasınan 2008-jıl kafedramız professorı Ǵ.Amaniyazov penen birgelikte shıǵardı hám onnan basqa bir neshe ilimiy maqalaları ilimiy jurnallarda jarıq kórdi.

2013 – 2018 jıllar aralıǵında “Muzıkalıq tálim” kafedrasın basqardı. Kaferdanı basqarıw dáwirinde onıń ilimiy potencialın joqarı kóteriwge óz úlesin qostı. Házirgi waqıtta docent Sofya Tajetdinova kóp jıllıq pedagogikalıq tájiriybege iye, dóretiwshi ustaz hám hár bir ilimiy máselege ayrıqsha itibar menen qaraytuǵın professional pedagog.

Sofya Tajetdinovanıń tárbiyalaǵan ilimiy basshılıq etken shákirtleri maqtawǵa ılayıq. Olardıń arasınan ustaz pedagoglar, elge belgili dóretiwshiler, kórkem-óner mádeniyat xızmetkerleri jetilisip kelmekte. Olardan Ózbekstan Respublikasına xızmet kórsetken artist, Ózbekstan xalıq tálim aǵlası, «Doslıq» ordeniniń iyesi, Ózbekstan Respublikası xalıq artisti, docent Aygul Nadırova, pedagogika ilimleriniń kandidatı docent Sanobar Romanova, Pedagogika pánleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD) Íqlasbay Moyanov, Xojeli rayonı balalar muzıka hám kórkem-óner mektebiniń direktorı Mırzambetova Mehriban hám taǵı basqa da kóplegen shákirtleri ustazı kórsetken jolı menen elge xızmet etip kelmekte.

Sonday – aq, házirgi waqıtta bunday elge úlgi bolarlıq shákirtleri kóplep jetilisip atır. Olardan “Zulfiya” atındaǵı mámleketlik sılıqtıń laureatı Orınbaeva Erkinay, Xudaybergenova Gúlshınar bir qatar xalıq aralıq festival hám kórik tańlawlardıń jeńimpazları bolǵan shákirtleri menen birgelikte bir neshe ilimiy maqalalar jazıp baspadan shıǵarıp kelmekte. Olardan atap ótetuǵın bolsaq, 2018-jılı 9-12-noyabr kúnleri aralıǵıda Qazaqstan Respublikası Almata qalasında "INDIGO" atamasında ótkerilgen kóp janrlı kórkem-óner xalıq aralıq tańlawda 1-dárejeli diplom hám medal menen al 2020-jılı 4-5-noyabr kúnleri aralıǵında Turkiya Respublikasınıń Istanbul qalasında ótkerilgen xalıq aralıq onlayn tańlawda 2- dárejeli diplom menen, 2020-jılı Qırǵızstan Respublikası Biyshkek qalasında ótkerilgen xalıq aralıq onlayn tańlawda SERTIFIKAT penen sılıqlandı. Orınbaeva Erkinay 2020-jıl 10-24-iyun ayında “ART LINE xalıqaralıq federaciya tarepinen balalar hám eresekler arasında ‘’GERMAN TALENTS” onlayın tańlawında 1-darejeli Diplom menen, 2020-jılı 27-iyun kúni Respulika kóleminde onlayın ótkizilgen “TASHABBUSGA TASHABBUS-2020’’ konferensiyasında belsene qatnasqanı ushın Diplom hám Sertifikat penen, 2020-jıl 21-avgust hám 1-sentyabrde Italiya mámleketinde “ART LINE” xalıqaralıq Federaciya tárepinen balalar hám eresekler arasında “ITALIYAN TALENTS” onlayın tanlawda 1 dárejeli Diplom, 2020-jıl 7-sentyabrde Rossiya mámleketinde xalıqaralıq doretiwshilik onlayn tanlawda joqarı dárejede atqarıwshılıq sheberligi ushın Grand Pri menen sılıqlandı.

2020-jılı Ferǵana wáláyatında “Yoshlar innavatsiyon faolligini oshirish, manaviyatini uyksalishtirish, ularning bosh vaqtlarini mazmunli utkazishda beshta muxim tashabbusinig ahamiyati” temasındaǵı kóp tarmaqlı, ilmiy aralıqta onlayn konferensiyada qatnasıp “Sertifikat” menen sılıqlandı.

Áyyemgi grek filosofı Plutarx «shákirt – bul sham sıyaqlı, onı tek ǵana haqıyqıy oqıtıwshı ustaz jaǵa aladı» dep aytqan edi. Sonday haqıyqıy ustazlardıń biri Sofya Tajetdinova, ol óziniń ustazlıq jumısın hám shákirtlerin jaqsı kórip, olarǵa tek ǵana bilim berip qoymastan óz náwbetinde ómirdegi turmısqa da tárbiyalaydı. Hár bir shákirtin óz perzenti sıyaqlı jaqsı kóredi. S.Tájetdinova miyirman ana, ádiwli ustaz bolıp jaslarǵa tálim-tárbiya beriwde sharshamay miynet etken. Biz oǵan aldaǵı jumıslarında tabıslar tileymiz.